

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Désain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan éspériméntal ku pamarekan kuantitatif. Sagemblengna digambarkeun saperti ieu di handap

##### 3.1.1 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Nurutkeun (Arikunto, 2009, kc. 212) aya tilu rupa desain kuasi ékspérimén nya éta: (1) *one shot case study*, (2) *one group pretest posttest design*, jeung (3) *posttest only control group design*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nya éta *one group pretest-posttest design*. Ku ayana éta desain, digunakeun dua kali tés, nya éta: (1) tés awal, nya éta tés saméméh dibéré perlakuan (*pretest*), jeung (2) tés ahir, nya éta tés sanggeus dibéré perlakuan (*posttest*) tapi henteu ngagunakeun kelas kontrol. Hasil tina perlakuan (*treatment*) téh bisa katitén leuwih akurat, sabab bisa kapaluruh sanggeus ngabandingkeun hasil saméméh jeung sanggeus ayana perlakuan (*treatment*). Ieu desain téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap:

Tabél 3.1  
Desain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O1	X	O2

(Arikunto, 2014, kc. 124)

Keterangan:

O1 : Pretest (Hasil observasi saméméh perlakuan)

X : Treatment (pangajaran ngaregepkeun carita pondok ngagunakeun média *Storybird*)

O2 : Posttest (Hasil observasi sanggeus perlakuan)

### 3.2 Populasi jeung Sampel/Sumber Data

Arikunto (2010, kc.121) ngébréhkeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta: jalma (*person*), tempat (*place*), jeung alat éléktronik (*gadget*).


1. Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
2. Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objek pikeun métode observasi.
3. Alat éléktronik atau dokumen (*paper*), nyaéta sumber data nu mangrupa alat pikeun mérékeun data atau bahan.

Kukituna dina ieu panalungtikan sumber datana nya éta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung, kalawan ngagunakeun instrumén panalungtikan anu geus ditangtukeun.

Tabél 3. 1  
Sumber Data

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
XI MIPA 2	6	15	21

3.4 **Prosedur** Panalungtikan lain mangrupa hal anu gampang keur dilaksanakeun. Ku kituna perlu ayana desain anu hadé pikeun nyusun ieu panalungtikan sangkan bisa sistematis, jeung puguh léngkah-léngkahna. Desain panalungtikan digambarkeun dina gambar ieu dihandap.



Bagan 1 Desain Panalungtikan

Dina gambar di luhur bisa katitén yén ieu panalungtikan téh dimimitian ku milih masalah anu satuluyna éta masalah téh diidéntifikasi, diwatesanan, sarta dirumuskeun. Rumusan masalah ilaharna digambarkeun dina wangun patalékan. Sanggeus nangtukeun rumusan masalah, tuluy néangan tatapakan tiori pikeun ngajawab éta pasualan. Jawaban sacara tiori anu sipatna saheulaanan pikeun ngajawab rumusan masalah disebut hipotésis. Hipotésis anu geus dirumuskeun tuluy dibuktikeun sacara émpiris ngaliwatan panalungtikan di lapangan.

Prosés utama dina panalungtikan téh mangrupa ngumpulkeun data na, anu kudu nimbangkeun instrumén naon anu dipaké, nangtukeun sumber datana, nguji instrumen. Sabada kitu kakara dianalisis hasil datana. Jeung léngkah anu pamungkas nya éta nyindekeun jeung méré saran.

### 3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés, aya *pretest* jeung *posttest*. Tehnik tés ieu bakal ngahontal tujuan pikeun meunangkeun hasil anu bakal jadi acuan yén média *Storybird* téh bisa atawa henteu jadi salah sahiji média alternatif pikeun diajar nulis carpon. Ieu tés

Halimatussadiah, 2022

*MÉDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilakukeun sabab butuh data saméméh tés jeung sanggeus tés méh nyaho nepi mana siswa mampuh nulis carpon ngaliwatan ieu média. Ieu data bisa dibeunangkeun ngaliwatan hiji ukuran kalawan ngagunakeun téhnik tés.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data ngawengku sababaraha proses ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun média *Storybird*.
- 2) Sabada mikanyaho hasil nulis carita pondok saméméh ngagunakeun média *Storybird*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis carita pondok kalayan ngagunakeun média *Storybird*.
- 3) Nepikeun matéri carita pondok kalawan ngagunakeun média *Storybird* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut treatment (perlakuan).
- 4) Sabada ngalaksanakeun treatment, siswa dibéré tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun média *Storybird*.

### 3.6 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun (Arikunto, 2014, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, hartina leuwih cermat, lengkep, jeung sistematis nepi ka gampang diolah. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés ngagunakeun lembar kerja siswa. Tés nu digunakeun mangrupa tés tinulis. Ieu instrumén digunakeun dua kali, nyaéta pre-test jeung post-test. Test kahiji nyaéta pre-test pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun média pangajaran *Storybird*, tés kadua nyaéta post-test pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun média pangajaran *Storybird*. Ieu di handap mangrupa soal tés anu dibérékeun ka siswa.

Halimatussadiyah, 2022

**MÉDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

**Soal Nulis Carpon****Sakola : SMA Pasundan 2 Bandung****Mata Pelajaran : Basa Sunda****Kelas : XI MIPA 2**

Pék ku hidep jieun carpon kalawan téma jeung judul nu bébas. Kahadé perhatikeun unsur intrinsik, ogé struktur panulisanna kudu bener tur merenah!.

**3.7 Téknik Analisis Data**

Analisis data mangrupa kagiatan anu dilakukeun sabada kabéh data geus kakumpul. Data nu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh awal (*pre-test*) jeung kamampuh ahir (*post-test*).

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun média *Storybird* jeung sanggeus ngagunakeun média *Storybird*.

a. Mariksa hasil karangan carita pondok siswa tina *pretest* jeung *posttest* dumasar kana aspek dina kritéria tabél 3.2.

**Tabel 3.2 Kritéria Meunteun Karangan Carita Pondok**

<b>Aspék</b>	<b>Skor</b>	<b>Kritéria</b>
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>

Halimatussadiyah, 2022

*MÉDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kasaluyuan Téma jeung Eusi	5	Alus pisan (eusi carpon alus pisan, luyu jeung téma).
	4	Alus (eusi carpon alus, aya patalina jeung téma)
	3	Sedeng (eusi carpon cukup/basajan, rada luyu jeung téma).
	2	Kurang (eusi carpon kurang hadé, kurang luyu jeung téma).
	1	Kurang pisan (eusi carpon goréng teu luyu jeung téma).
Organisasi Eusi	5	Alus Pisan (eusi dimekarkeun jelas pisan, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf raket).
	4	Alus (eusi dimekarkeun jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf kurang raket).
	3	Sedeng (eusi dimekarkeun cukup jelas, runtuyan strukturna teu sistematis tapi lengkep, hubungan antar paragraf kurang raket).
	2	Kurang (eusi dimekarkeun kurang jelas, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraf teu raket).

	1	Kurang pisan (eusi dimekarkeun teu jelas pisan, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraf teu raket).
Diksi (Pilihan Kecap)	5	Alus pisan (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap nu alus tur hadé pisan).
	4	Alus (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap nu alus).
	3	Sedeng (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu cukup/basajan).
	2	Kurang (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah).
	1	Kurang pisan (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu teu merenah pisan).
Makéna Basa	5	Alus pisan (ngawasa pisan tata basa, teu aya kasalahan dina makéna basa).
	4	Alus (ngawasa tata basa, ngan saeutik kasalahan dina makéna basa).
	3	Sedeng (cukup ngawasa kana tata basa, aya kasalahan dina makéna basa).





Katégori : Peunteun  $\geq 78$ , siswa dianggap tuntas nulis carita pondok nu bener.

Peunteun  $\leq 78$ , siswa dianggap can tuntas nulis carita pondok nu bener.

c. Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél ieu di handap.

Tabel 3.4  
Format Peunteun Nulis Carita Pondok

No	Aspék nu Dipeunteun					$\Sigma$	P	Kategori
	A	B	C	D	E			
1								
2								
3								
4								
5								
$\Sigma$								
P								

Katerangan :

A: kasaluyuan téma jeung eusi

B: organisasi eusi

C: pilihan kecap atawa diksi

D: makéna basa

E: éjahan

$\Sigma$ : jumlah skor

P: peunteun

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji hipotésis. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara make software SPSS PSAW versi 18. *Statistical Product and Service Solution* (SPSS) nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu

Halimatussadiyah, 2022

MÉDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung indeks gains anu salajengna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa henteu normal. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun uji normalitas kalayan ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*, nya éta:

1. Klik *Variable View*, dina *name* tulis *pre-test* jeung *post-test*, dina *decimals* ubah sakabéhna jadi 0, dina label tuliskeun *pre-test* jeung *post-test*, nu séjénna default;
2. Klik *Data View*, asupkeun data *pre-test* jeung *post-test* nu geus disiapkeun saluyu jeung ngaran variabel;
3. Pilih *Analyze* dina menu SPSS, klik *Regression*, pilih *Linear* pikeun ngayakeun nilai *unstandardized residual* (RES\_1) nu satuluyna rék di uji normalitas;
4. Muncul *Linear Regression*, asupkeun variabel *post-test* ka *Dependant* sedengkeun *pre-test* kana *Independent*, klik *save*;
5. Muncul *Linear Regression:Save*, dina *Residuals* ceklis *Unstandardized*, klik *continue*, klik *ok*;
6. Tutup output nu muncul tina program SPSS. Muncul variable anyar *RES\_1* dina *Data View*;
7. Pilih menu *Analyze* → *Nonparametric Test* klik *Legacy Dialogs*, pilih submenu *I- Sample K-S*;
8. Muncul *One Sample Kolmogrov-Smirnov Test*, asupkeun variable *Unstandardized Residual* kana *Test Variable List*, dina *Test Distribution* céklis pilihan *Normal*;
9. Klik *Ok*, satuluyna muncul output *One Sample Kolmogrov-Smirnov Test*.

Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap

$H_0$  : distribusi normal

$H_1$  : distribusi data teu normal

Halimatussadiyah, 2022

MÉDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Uji normalitas ku cara uji *Kolmogrov-Smirnov*, ku tara signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ).

Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $> 0,05$

$H_1$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $< 0,0$

### 3.6.1.2 Uji Hipotésis

Hipotésis mangrupa jawaban nu sipatna sementara pikeun masalah panalungtikan nu bakal kabukti jawabanna ngaliwatan data nu kakumpulkeun (Arikunto, 2014, kc.110). Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis nu dianalisis ku software *SPSS PSAW versi 18*. Pikeun nangtukeun uji hipotésis bisa dilakukeun ku dua acara. Saupama hasil data anu normalitas némbongkeun yén data miboga distribusi anu normal, ku kituna éta data téh dina nangtukeun hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun saupama data anu diuji némbongkeun yén data téh miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis non- parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pair test*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun uji hipotésis kalayan ngagunakeun uji *t-test*, nya éta:

1. Klik menu *Analyzed – compare means – one sample t-test*.
2. Muncul kotak dialog “*one sampel t-test*”, tuluy asupkeun hasil diajar (hasil) kotak (*test variables*), dina bagian *test value* ketik 78 (kusabab rék ngabandingkeun nilai rata-rata hasil diajar siswa kana nilai 78).

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

$H_1$  (Hipotésisi alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh

Halimatussadiyah, 2022

*MÉDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

1.  $H_0$  (Hipotesis nol)

nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung saméméh jeung sabada dilarapkeun média *Storybird*.

: Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung saméméh jeung sabada dilarapkeun média *Storybird*.